

## Asistans Finansye pou Pasyan

### Objektif:

NeighborHealth (“Sant” lan), te devlope règleman sa a pou idantifye ak ede moun ki kalifye ki gen revni ba, ki pa gen asirans oswa ki pa gen ase asirans, moun ki enskri nan plan asirans sante oswa pwogram asistans finansye pou kouvri depans swen sante yo epi asire aksè apwopriye pou swen medikal nesesè.

### Deklarasyon Règleman:

Se règleman NeighborHealth, an patenary ak Boston Medical Center, pou bay tout pasyan swen medikal ki nesesè yo, kèlkeswa kapasite yo pou peye, epi pou ofri asistans finansye ak moun ki pa gen asirans oswa ki gen ase asirans epi yo pa ka peye. Tout pasyan ki prezante nan NeighborHealth epi ki bezwen sèvis ijan, oswa lòt swen medikal ki nesesè, dwe trete kèlkeswa ras, koulè, reliyion, sèks, orijin nasyonal, laj, andikap, idantite seksyèl oswa ekspresyon, oswa kapasite pou peye.

NeighborHealth ofri asistans finansye pou pasyan ki gen revni ki ba, ki pa gen asirans oswa ki pa gen ase asirans, ki demontre yo pa kapab peye tout oswa yon pòsyon nan frè yo dwe yo nòmalman. Yo pral egzamine pasyan ki pa gen okenn kapasite finansye pou peye pou kalifikasyon dapre Medicaid oswa lòt pwogram eta a, Plan Sante Kalifye, oswa yo pral evalye yo dapre gid pre-establi yo pou detèmine kalifikasyon pou asistans dapre Pwogram Rediksyon sou Frè Varyab (Sliding Fee Discount Program, SFDP) Sant lan. Pwogram Rediksyon sou Frè Varyab eksplike tout sikonstans kote pasyan yo ka kalifye pou swen gratis oswa pou jwenn swen ak pri rabè. Yo detèmine nivo rabè aatravè revni moun nan kay la ak gwosè fanmi an jan yo espesifye nan gid kalifikasyon SFDP yo.

Enfòmasyon sou pwogram asistans finansye Sant lan disponib pou pasyan yo lè yo enskri pou sèvis yo ak lè y ap resevwa yon bòdwo. Yo ka konsidere tout pasyan yo pou asistans finansye nenpòt kilè pandan sik fakti ak koleksyon an. Yo p ap janm faktire yon pasyan yo detèmine kalifikasyon 1 pou NeighborHealthPwogram Redikasyon sou Frè Varyab la plispase kantite yo Faktire Anjeneral pou sèvis ki nesesè sou plan medikal yo bay, ni lopital la p ap chèche kalifye yon pasyan pou resevwa swen gratis oswa a pri redui dapre Pwogram Rediksyon sou Frè Varyab nan objektif pou kreye biznis ki peye dapre pwogram swen sante federal oswa pou enfliyanse chwa yon benefisyè pou yon founisè, pratikan, oswa founisè patikilye.

Komite Finans Konsèy Administrasyon NeighborHealth te revize epi apwouve règleman sa a. Ou ka jwenn enfòmasyon sou Règleman Asistans Finansye a ak pwogram asistans finansye, ki gen ladann Rezime nan langaj klè, (Dokiman Anèks A), Fòm aplikasyon pou Pwogram Rediksyon sou Frè Varyab NeighborHealth la, oswa kopi règleman sa a ak dokiman Pwogram Redikasyon sou Frè Varyab la.

- Nan nenpòt zòn anrejistreman pasyan nan NeighborHealth

# **NeighborHealth**

## **Règleman ak Pwosedi**

Paj: 2

- Lè w rele Depatman Sèvis Pasyan nan 617-568-4600
- Lè w vizite sit entènèt sant lan nan <https://www.neighborhealth.com/en/patients-and-visitors/patient-financial-assistance-program/> pou revize oswa telechaje
- Lè w soumèt yon demann alekri pou kopi pa lapòs bay:
  - NeighborHealth  
Atansyon: Depatman Sèvis Pasyan  
10 Gove Street  
East Boston, MA 02128

### **Aplikasyon:**

Règleman pou Asistans Finansye a aplike nan lokal NeighborHealth sa yo:

- NeighborHealth/East Boston, 10 Gove Street, Boston, MA 02128
- NeighborHealth/East Boston, 20 Maverick Square, Boston, MA 02128
- NeighborHealth/East Boston, 79 Paris Street, Boston, MA 02128
- NeighborHealth/South End, 1601 Washington Street, Boston, MA 02118
- NeighborHealth/South End, Hass Center, 400 Shawmut Ave, Boston, MA 02118
- NeighborHealth/Winthrop, 17 Main Street, Winthrop, MA 02152

### **Eksepsyon**

Pandan NeighborHealth angaje 1 pou 1 ede pasyan ki gen revni ak resous limite aplike pou pwogram ki disponib pou kouvri depans swen, Règleman asistans finansye a limite pou 1 kouvri sèvis ijans, Sèvis ijan, ak lòt Swen ki Nesesè sou Plan Medikal. Anjeneral, depans yo retire nan rediksyon yo dapre CCP gen ladan:

- Reklamasyon otomobil, reklamasyon responsabilite twazyèm pati, sèvis pou frè yo fikse, pouvantaj kontra, ak lòt sèvis ki pa medikal, ki nesesè oswa lòt sèvis kote yo te deja aplike rediksyon nan chaj la.

### **Definisyon:**

**Lwa sou Swen Abòdab, (ACA)** - Lwa sou refòm swen sante konplè, ki te adopte an mas 2010 (pafwa yo rele ACA oswa Obamacare) ki sèvi: Pou rann swen sante abòdab disponib pou plis moun nan bay sibvansyon ("kredi taks prim") ki diminye depans pou fanmi ki gen revni ant 100% ak 400% limit povrete federal la;; pou elaji pwogram Medicaid eta a pou kouvri tout adilt ki gen revni 138% nivo povrete federal la, epi sipòte metòd inovatè pou bay swen medikal, ki fèt pou diminye depans swen sante anjeneral.

**Konsèy pou Aplikasyon Sètifye (Certified Application Counselor, CAC)** - yon moun (afilye ak yon òganizasyon deziyen) ki resevwa fòmasyon epi ki kapab ede konsomatè yo, ti biznis yo, ak anplwaye yo revize opsyon pwoteksyon sante ki konfime ak ACA, yo ofri atravè Mache Asirans Sante, epi ede nan detèmine kalifikasyon ak ranpli fòm enskripsyon yo.

**Sèvis Ochwa** - Sèvis ki nesesè sou plan Medikal ki pa bezwen swen oswa tretman nan yon deputman ijans oswa yon lopital pou swen grav pou stabilizasyon Medikal, epi kidonk, pa satisfè definisyon sèvis ijan oswa ijans. Anjeneral pasyan yo pwogramme sèvis sa yo davans, men se pa sèlman yo menm.

**Sèvis Ijans** - Yo bay sèvis ki nesesè medikalman yo apre aparisyon yon kondisyon medikal, kit se fizik oswa mantal, ki manifeste pa sentòm ase sevè ki gen ladan doulè grav, kote absans oswa pa bay swen medikal rapid ta ka yon fason rezonab pou atann ak yon move efè sou kondisyon oswa sante moun nan, sa ki lakòz gwo danje, andikap, oswa malfonksyònman nenpòt pati nan kò oswa ògàn nan kò a, ki gen rapò ak yon famm ansent, jan yo defini pi plis nan seksyon 1867(e) (1) (B) Lwa Sekirite Sosyal, 42 U.S.C. § 1295dd(e)(1)(B). Sèvis ijan yo gen ladan yo yon egzamen depistaj medikal ak tretman pou kondisyon medikal ijans, oswa nenpòt lò sèvis sa yo bay nan limit sa yo mande dapre **EMTALA** (42 USC 1395(dd) kalifye pou Swen Ijans. Sèvis ijans yo gen ladan tou sèvis yon pwofesyonèl medikal ki gen lisans pou detèmine se yon ijans.

**EMTALA** - Lwa sou Tretman Medikal Ijans ak Travay (EMTALA), yon lwa kongrè a te adopte an 1986 pou asire aksè publik nan sèvis ijans kèlkeswa kapasite yon moun pou 1 peye. Seksyon 1867 Lwa Sekirite Sosyal enpoze obligasyon espesifik sou lopital ki patisipe nan Medicare ki ofri sèvis ijans pou bay yon egzamen tès medikal lè yo fè yon demann pou egzamen oswa tretman pou yon kondisyon medikal ijans, ki gen ladan travay aktif, kèlkeswa kapasite yon moun pou 1 peye. Lè sa a, lopital yo oblige bay tretman stabilize pou pasyan ki gen EMC yo. Si yon lopital pa kapab stabilize yon pasyan nan kapasite li, oswa si pasyan an mande, yo ta dwe aplike yon transfè awopriye.

**Aksyon Koleksyon Ekstrawòdinè (Extraordinary Collection Actions, ECA)** - Nenpòt aksyon NeighborHealth (oswa nenpòt ajan NeighborHealth, ki gen ladan yon ajans koleksyon) pran kont yon moun ki gen rapò ak jwenn peman yon fakti ki kouvri dapre règleman sa a ki egzije yon pwosesis legal oswa jidisyè, enplike vann dèt yon moun bay yon lòt pati, oswa rapòte enfòmasyon negatif sou moun nan bay ajans rapò kredi konsomatè oswa biwo kredi. Mete yon kont ak yon twazyèm pati pou koleksyon pa yon ECA.

**Gid Povrete Federal (Federal Poverty Guidelines, FPG)** - Gouvènman Etazini an detèmine epi pibliye chak ane nan Rejis Federal la. FPG yo baze sou gwosè fanmi ak revni fanmi yo epi yo itilize pou detèmine kalifikasyon yon pasyan pou asistans finansye dapre pwogram Medicaid eta a ak Règleman Asistans Finansye NeighborHealth la.

**Frè Brit** - Pri konplè, etabli pou swen medikal ki NeighborHealth chaje tout pasyan yo toutan epi menm jan anvan yo aplike alokasyon kontra, rabè, oswa lòt dediksyon.

**Health Safety Net (HSN)** - Health Safety Net se yon pwogram asistans finansyè kipeye pou sèten sèvis ki nesesè sou plan medikal yo bay pasyan ki kalifye, ki gen revni ba nan sant sante kominotè Massachusetts (Massachusetts' community health centers, CHC) ak lopital pou swen aktif yo. HSN peye CHC ak lopital pou swen grav tou ak pou depans difkilte medikal (lè depans medikal ki kalifye yo depase pouvantaj espesifik nan revni yon fanmi), ak pou kèk kalite move dèt lopital. HSN te kreye pou distribiye yon fason ki pi ekitab depans pou bay swen san konpansasyon pou

rezidan Massachusetts ki pa gen anpil revni yo nan ofri swen gratis oswa a pri ki redui atravè lopital pou swen graf nan eta. Health Safety Net mete ansanm swen sante san konpansasyon reyalize atravè yon evalyasyon sou chak lopital pou kouvri depans swen pou pasyan ki pa gen asirans ak pasyan ki pa gen ase asirans ak revni ki pi ba pase 300% nivo povrete federal la. Se règleman sant lan pou tout pasyan ki resevwa asistans finansye dapre règleman asistans finansye lopital la ki gen ladan sèvis Health Safety Net kòm yon pati nan swen konpansasypn yo bay pasyan ki gen revni fèb yo.

**Asire** - Sitiyasyon yon pasyan ki gen asirans oswa kouvèti yon twazyèm pati ki peye tout oswa yon pati nan frè brit pasyan an pou sèvis medikal. Kategori sa gen ladan pasyan sa yo ki kouvri pa yon moun gouvènman k ap peye tankou Medicare, Medicaid, Champus, ak Avantaj Veterans Otorize; menm jan ak yon moun ki peye prive tankou Avantaj Medicaid, òganizasyon swen jere Medicaid, swen komèsyal oswa jere, oto ak konpansasyon travayè.

**Nesesè sou plan Medikal** - Sèvis ki rezonab pou anpeche, fè dyagnostik, anpeche vin pi grav, soulaje, koriye, oswa geri kondisyon ki mete lavi an danje, lakòz soufrans oswa doulè, lakòz defòmasyon fizik oswa bon fonksyònman, menase pou lakòz oswa agrave yon andikap, oswa vin lakòz maladi oswa enfimite. Sèvis ki nesesè sou plan medikal yo gen ladan yo sèvis pou pasyan ki entène ak pou pasyan ki pa entène jan sa otorize dapre Tit XIX Lwa Sekrite Sosyal. Sepandan, yon klasifikasyon nan Nesesè sou Plan Medikal pa vyole oswa anglobe Sèvis Ijans oswa lwa EMTALA ki asosye ak deziyasyon sa a.

**Lòt Sèvis** - Sèvis ki pa demonstre nesesite medikal bay klinisyen k ap revize a oswa kote kalifikasyon pasyan pou sèvis la ka pa satisfè definisyon plan asirans jeneral yo pou satisfè kritè medikal kle pou sèvis la.

**Sèvis Premye Swen** - Sèvis Swen Sante, doktè jeneralis, doktè fanmi, entènist jeneral, pedyat jeneral, ak enfimyè pratikan swen prensipal oswa asistan doktè yo bay abityèlman. Sèvis Swen Prensipal yo bezwen resous espesyalize pou yon Lopital pou Swen Grav, Depatman Ijans, epi yo retire sèvis Oksilyè ak sèvis swen matènité.

**Plan Sante Kalifye** - Yon plan asirans ki sètifye pa Mache Asirans Sante, ki bay avantaj sante esansyèl, ki swiv limit ki etabli sou pataje depans (tankou franchiz, kopeman, ak kantite lajan maksimòm ki soti nan pòch), epi satisfè lòt kondisyon dapre Lwa sou Swen Abòdab.

**Pa gen ase asirans** - Estati pasyan an ki gen yon fòm asirans sante ki pa bay pwoteksyon finansye adekwat, sa ki lakòz pasyan an pa gen kapasite pou 1 kouvri depans ki soti nan pòch pou swen sante yo tankou kopeman, ko-asirans, ak franchiz founisè asirans lan detèmine epi pasyan an dwe resevwa sèvis medikal yo.

**Pa gen Asirans** - Estati yon pasyan ki pa gen okenn asirans sante an vigè pou yon dat espesifik nan sèvis oswa kote kouvèti yo pa efikas pou yon sèvis espesifik akòz limit rezo avantaj asirans ki fini oswa lòt sèvis ki pa garanti.

**Sèvis Swen Ijan** - Sèvis ki nesesè sou plan medikal apre aparisyon toudenkou yon pwoblèm medikal, kit se fizik oswa mantal, ki manifeste tèt li pa sentòm entans ki gen ase severite (ki gen ladan doulè grav) yon moun ki pa gen konesans pwofesyonèl oswa espesyal ki pridan ta ka kwè absans swen medikal nan 24 èdtan ta ka atann rezulta nan: mete pasyan an an danje, pwoblèm nan fonksyon kòporèl, oswa malfonksyònman nenpòt ògàn oswa pati nan kò a. Yo bay sèvis ijan pou kondisyon ki pa menase lavi epi ki pa reprezante gwo risk pou sante yon moun gen gwo domaj. Sèvis Swen ijans yo pa gen ladan yo Premye Swen oswa Swen Ochwa.

## **Pwosedi**

### **I. Kouvèti pou Sèvis Swen Sante**

NeighborHealth bay tout pasyan ki bezwen Sèvis Ijan, aklòt sèvis ki Nesesè sou plan Medikal kèlkeswa kapasite yo pou yo peye. Dapre egzijans federal pou Tretman Medikal Ijans ak Lwa Travay Aktif (EMTALA), Sant lan pral fè yon egzamen depistaj medikal pou tout pasyan ki preznan nan yon lokal NeighborHealth k ap chèche Sèvis Ijans pou detèmine si gen yon kondisyon medikal ijans. Pwofesyonèl medikal k ap bay tretman pral detèmine si yo bezwen sèvis ijans oswa sèvis ki pa ijan lè li evalye nivo swen ak tretman ki nesesè pou chak pasyan dapre sentòm klinik yo reprezante epi suiv estanda pratik ki aplikab yo.

- A. Kalifikasyon pou swen gratis oswa a pri ki redui dapre Pwogram Rediksyon sou Frè Varyab NeighborHealth la aplike ak sèvis swen ijans, ak sèvis premye swen. Anjeneral, detèminasyon kalifikasyon yo fèt apre yo fin bay sèvis la epi yo baze sou sitiyasyon finansye pasyan an jan sa detèmine nan Gid Povrete Federal (Federal Poverty Guidelines, FPG) la. (Gade dokiman anèks C a pou tablo FPG a). Nan okenn ka detèminasyon kalifikasyon FAP yon pasyan entèfere ak aksè nan swen ijans epi lopital la ap bay swen ijans kèlkeswa kalifikasyon FAP.
- B. Sèvis premye swen yo gen ladan yo swen medikal ki nesesè pou kenbe sante ak prevansyon maladi. Anjeneral, pasyan an oswa founisè swen sante a pwograme sèvis sa yo davans oswa yo ka pwograme yo nan menm jou a.
  - a. Premye Swen nòmalman se doktè jeneralis, doktè fanmi, entènist jeneral, pedyat jeneral, ak enfimyè pratikan oswa asistan doktè ki bay yo epi yo pa bezwen resous espesyalize yon depatman ijans Lopital pou Swen Entans epi yo ka retire sèvis oksilyè ak sèvis swen matènité.
- C. Kalifikasyon nan Pwogram Rediksyon sou Frè Varyab aplike nan tout sèvis ijans, Sèvis Ijan, Sèvis Premye Swen, ak lòt swen ki Nesesè sou plan Medikal Sant lan ofri.

### **II. Asistans Finansye ak Pwogram Kalifikasyon**

- A. NeighborHealth ofri asistans finansye atravè yon Rediksyon sou Frè Varyab pou tout pasyan ki kalifye ki pa gen asistans kèlkeswa kapasite yo pou yo peye. Sepandan, si yon pasyan ki pa gen asirans pa kapab peye balans ki rete a apre yo fin fè aplikasyon Rabè oto-peman, pasyan an ka mande ak aplike pou difikilte finansye NeighborHealth (NeighborHealth Hardship Waiver).

- a. Si yon pasyan ki pa gen asirans resevwa yon Rediksyon sou Frè Varyab epi apre sa bay enfòmasyon sou kouvèti asirans valab pou dat sèvis la, lè sa a, Rediksyon sou Frè Varyab la ap ranvèse epi NeighborHealth ap voye fakti bay twazyèm pati a.
- b. Sèvis yo jeneralman retire nan rabè pou pasyan ki peye pou pwòp tèt yo:
  - i. Sèvis doktè ki se kontraktè endependan yo bay epi yo faktire an prive pou swen yo bay olye yo faktire atravè NeighborHealth.
  - ii. Reklamasyon otomobil, reklamasyon responsabilite twazyèm pati, sèvis pou frè yo fikse, pou santaj kontra, lòt sèvis ki pa nesesè sou plan medikal ak/oswa lòt sèvis kote yo te deja aplike rediksyon nan chaj yo anjeneral, men se pa klèman, retire nan rediksyon oto-peman kòm yon Konsiderasyon Endividyèl kapab aplike.
- B. Pasyan ki pa gen asirans oswa ki pa gen ase asirans ki demonstre bezwen finansye pou swen medikal yo evalye pou kalifikasyon ak kouvèti asirans sou baz gid ki konsistan, pre etabli yo detèmine pa pwogram Medicaid eta a, Plan Sante Kalifye, ak Pwogram Rediksyon sou Frè Varyab NeighborHealth.
- C. Pasyan yo ka mande asistans finansye nenpòt kilè pandan pre-enskripsyon, enskripsyon, sèvis pou pasyan ki pa entène, oswa pandan tout sikilasyon fakti ak koleksyon yo lè yo mande epi soumèt yon aplikasyon ki ranpli pou asistans finansye.
- D. Yon Konseye Aplikasyon Sètifye (Certified Application Counselors, CAC), disponib nan Depatman Aksè pou Pasyan Sant lan pou tcheke pasyan yo pou kalifikasyon pou pwogram yo epi bay asistans pou enskripsyon an pèsòn jan sa nesesè. Eleman ki nesesè pou aplike pou Pwogram Charity Care la.
  - a. Aplikasyon ranpli, siyen pa pasyan ak mari/madanm pasyan an si li marye, oswa pa garan (sa vle di paran oswa gadyen).
  - b. Prèv rezidans
  - c. Prèv Idantite
  - d. Prèv Revni Kay la
    - i. Revni ou touche
    - ii. Revni ou pa touche
    - iii. Revni Lwaye
  - e. Deklarasyon sipò (si yo pa rapòte okenn revni)
  - f. Enfòmasyon sou byen, pou gen ladan:
    - i. Deklarasyon labank
- E. Tout pasyan ki mande asistans finansye dwe an premye evalye pou kalifikasyon nan pwogram asistans publik oswa QHP espesifik nan eta pasyan an.
  - a. Nan Massachusetts, pwogram yo gen ladan yo, men pa limite ak, MassHealth, pwogram asistans peman prim Health Connector jere, Pwogram Sekirite Medikal pou Timoun yo, Health Safety Net, ak Medical Hardship.

- b. Pasyan ki kalifye pou yon opsyon pwoteksyon piblik dwe konfòme yo ak pwosesis aplikasyon pou pwogram sa a epi yo dwe resevwa yon refi anvan yo envoke avantaj anplis dapre Pwogram Charity Care.
  - c. Se Konseye Aplikasyon Sétifye (Certified Application Counselor, CAC) ki nan sant la ki konplete pwosesis tès depistaj ak aplikasyon pou asirans sante piblik. Yo ka ranpli epi soumèt aplikasyon yo sou papye, pa faks, oswa sou entènèt atravè sistèm Echanj Asirans Sante Eta (HIX).
- F. Sant CAC a ka ede pasyan yo aplike tou pou Prezime Kalifikasyon pou bay pasyan ki nan sikonstans espesyal aksè imedya nan sèvis ki garanti atravè MassHealth oswa Health Safety Net.
- i. Se yon CAC ki konplete pwosesis Prezime Kalifikasyon an, ki sou baz oto-atestasyon enfòmasyon finansye pasyan an, pral detèmine pasyan satisfè definisyon Eta a pou Pasyan ki gen Revni ki ba epi apre sa li pral kalifye pasyan an pou pwoteksyon dapre MassHealth oswa HSN.
  - ii. Yon deziyasyon Prezime Kalifikasyon bay yon peryòd limite kouvèti kalifye, ki kòmanse nan dat sant CAC a pran desizyon an jiska fen mwa ki vini apre a. Pandan yon peryòd Prezime Kalifikasyon an, pasyan yo oblige ranpli epi soumèt yon aplikasyon konplè ak dokiman verifye obligatwa pou asire kouvèti kontinyèl.
- G. Si yo detèmine yon pasyan pa kalifye pou yon pwogram asistans piblik, QHP, HSN, oswa Medical Hardship, lè sa a, yo pral evalye pasyan yo pou kalifikasyon pwogram nan dapre Pwogram Rediksyon sou Frè Varyab Lopital la.
- a. Nan patisipe nan pwogram nan Massachusetts' Health Safety Net, pasyan ki gen revni ki ba yo, ki pa gen asirans oswa ki pa gen ase asirans k ap resevwa sèvis nan NeighborHealth ka kalifye pou jwenn asistans finansye, ki gen ladan swen gratis oswa pasyèlman gratis pou sèvis HSN ki kalifye yo. Se règleman lopital la pou tout pasyan ki resevwa asistans finansye dapre règleman asistans finansye lopital la ki gen ladan sèvis Health Safety Net kòm yon pati nan swen konpansasypn yo bay pasyan ki gen revni feb yo.
    - i. *Health Safety Net - Prensipal* - Yo kapab detèmine kalifikasyon pou Sèvis Health Safety Net la pou moun ki abite Massachusetts ki pa gen asirans ak revni ki verifye ant 0 ak 300% Nivo Povrete Federal la.
      - a. Peryòd kalifikasyon an ak kalite sèvis ki kouvri dapre *HSN Primary* limite pou pasyan ki kalifye pou enskripsyon nan Pwogram Peman Asistans Prim Massachusetts ki dirije pa Health Connector.
      - b. Pasyan ki soumèt ak egzijans Pwogram Asistans Sante Elèv Massachusetts yo pa kalifye pou *HSN Prensipal*.

- ii. *Health Safety Net - Segondè* - Yo kapab detèmine kalifikasyon pou Kalifikasyon Sèvis Health Safety Net la pou moun ki abite Massachusetts ki gen asirans sante primè ak yon revni ant 0 ak 300% Nivo Povrete Federal la.
  - a. Peryòd kalifikasyon an ak kalite sèvis pou *HSN Segondè* limite pou pasyan ki kalifye pou enskripsiyon nan Pwogram Peman Asistans Prim nan ki dirije pa Health Connector.
- iii. *Health Safety Net - Franchiz Pasyèl* - Pasyan ki kalifye pou *HSN Prensipal* oswa *HSN - Segondè* ak revni ant 150.1% ak 300% Nivo Povrete Federal la ka soumèt ak yon franchiz anyèl si tout Gwoup Familyal pou Faktirasyon Prim yo gen yon revni ki pi wo 150.1% Nivo Povrete Federal la. Pa gen okenn franchiz pou okenn Gwoup Familyal pou Faktirasyon Prim si revni an pi wo pase 150.1% Nivo Povrete Federal la. Franchiz anyèl la egal ak montan ki wo sa yo:
  - a. Pwogram Peman Asistans Prim ki pi ba pri te dirije pa Health Connector prim, ajiste pou Gwoup Familyal pou Faktirasyon Prim la pwopòsyonèlman ak estanda revni Nivo Povrete Federal MassHealth, depi kòmansman ane kalandriye a, oswa
  - b. 40% diferans ki genyen ant Revni Brit ki Ajiste MassHealth Revni Kay ki pi ba a oswa Revni Fanmi ki ka Kontabilize Sizoka ta gen Difilikte Medikal, jan sa dekri nan 101 CMR 613.04(1), nan Gwoup familyal pou faktirasyon Prim aplikab ab ak 200% nivo Povrete Federal la.
- iv. *Health Safety Net -Difilikte Medikal* -Yon moun ki abite Massachusetts ki gen nepòt revni ka kalifye pou *Difilikte Medikal* atravè Health Safety Net si depans medikal akseptab yo te diminye anpil revni kontabilize kote li pa kapab peye sèvis sante. Pou kalifye pou *Difilikte Medikal*, depans medikal akseptab aplikan an dwe depase yon pouvantaj espesifik nan revni aplikan an nan jan sa a:
  - a. Nivo Revni Pouvantaj Revni Kontabilize:

0 - 205%	Nivo Povrete Federal 10%
205.1 - 305%	Nivo Povrete Federal 15%
305.1 - 405%	Nivo Povrete Federal 20%
405.1 - 605%	Nivo Povrete Federal 30%
> 605.1%	Nivo Povrete Federal 40%
  - b. Yo kalkile kontribisyon aplikan kòm yon pouvantaj espesifye nan Revni kontabilize ki baze sou *Difilikte Medikal* Nivo Povrete Federal Fanmi an, miltipliye pa

Revni Kontabilize aktyèl la mwen fakti ki pa kalifye pou peman Health Safety Net, pou ki aplikan ap rete responsab.

- b. Moun ki ranpli kondisyon kalifikasyon yo pou kalifye pou asistans finansyè daprè yon pwogram Health Safety Net ki dekri nan II.E. FAP ka gendwa genyen fakti pou sèvis yo te rann anvan 10 jou ki anvan dat aplikasyon an pou kouvèti Health Safety Net. Daprè règleman Health Safety Net, sèten sèvis prensipal ak ochwa p ap kalifye pou kouvèti daprè Health Safety Net anvan peryòd 10 jou a epi moun nan rete responsab pou kantite lajan fakti sa yo. Lè yo detèmine kalifikasyon Health Safety Net, NeighborHealth ap bay 100% kouvèti swen charitab nan fakti sa yo pou sèvis yo te rann anvan peryòd 10 jou a epi li p ap angaje li nan plis koleksyon fakti sa yo.
- H. Pasyan yo detèmine ki pa kalifye pou yon pwogram asistans piblik, QHP, HSN, oswa Medical Hardship, pral evalye pou kalifikasyon pwogram nan daprè Pwogram Rediksyon sou Frè Varyab NeighborHealth la. Enfòmasyon yo rasanble yo pral itilize pou detèmine si yo kalifye pou Pwogram Rediksyon sou Frè Varyab la.
- Pasyan yo detèmine ki kalifye pou Pwogram Rediksyon sou frè Varyab la ap kalifye pou yon rabè, aplike nan frè brit ki ka kouvri tout oswa yon pati nan fakti medikal yo ki poko peye. Yo detèmine kalifikasyon pasyan yo ak rabè ki aplikab yo nan tablo ki nan Dokiman C a.
  - Kalifikasyon pou swen gratis oswa a pri redui, nan tout ka yo konsidere pou asistans finansyè, yo detèmine lè yo sèvi avèk Gid Federal Povrete ki te pibliye dènyèman (Gade dokiman C a).
- I. Yo ka bay pasyan yo konsiderasyon endividylèl, pasyan ki demontre sitiyasyon finansye inik, epi yo ka pwolonrabè yo ka pa ka, daprè Règleman sou kredi ak koleksyon lopital ka epi pi lwen pase lòt dispozisyon ki endike nan FAP a, pou rekònèt ka inik nan difikilte finansye.

### **III. Metòd pou aplike pou Asistans Finansye**

- A. Pasyan yo ka mande ak aplike pou asistans finansye:
- Lè yo vizite sèvis Pasyan yo nan 79 Paris Street, East Boston, MA 02128 and 1601 Washington St, Boston, MA 02118.
  - Lè w rele Depatman Sèvis Pasyan nan 617-568-4600 pou w fè tès depistaj pa telefòn oswa pou w pran yon randevou ak yon konseye finansye, lendi jiska vandredi, ant 8 AM jiska 5 PM.
  - Lèw voye yon demann alekri pou enfòmasyon FAP, ki gen ladan Kopi Fòm Asistans Finansye a ak aplikasyon Pwogram Rediksyon sou Frè Varyab NeighborHealth la pou ranpli epi soumèt pa lapòs pou tretman.
    - Pwogram Rediksyon sou Frè Varyab FAP ak NeighborHealth la disponib nan <https://www.neighborhealth.com/en/patients-and->

- [visitors/patient-financial-assistance-program/](#), epi yo ka enprime, ranpli l, epi pote l tounen an pèsòn oswa pa lapòs pou tretman.
- ii. Si w ap aplike pa lapòs, pasyan yo ta dwe soumèt Fòm Depistaj Asistans Finansye a, Aplikasyon an, ak Kopi dokiman yo mande bay:

- NeighborHealth  
Atansyon: Depatman Sèvis Pasyan  
10 Gove Street  
East Boston, MA 02128

B. Detèminasyon Kalifikasyon

- a. Depatman Kont Pasyan nan NeighborHealth responsab pou detèmine kalifikasyon dapre dokiman pasyan yo bay pou pwosesis aplikasyon an. Pasyan yo ka kontakte depatman Kont Pasyan an pou yo poze kesyon sou detèminasyon kalifikasyon yo lè yo rele 617-568-7220.
- b. Yon fwa yo resevwa yon aplikasyon ranpli epi trete, yo pral fè yon detèminasyon sou kalifikasyon, epi y ap fè aplikan an konnen desizyon an alekri.
- c. Notifikasyon Demann Enfòmasyon amplis oswa Refi:
  - i. Yo p ap refize asistans finansye ki baze sèlman sou yon aplikasyon enkonplè pasyan te soumèt okòmansman. Kalite dokiman ki pi komen ki nesesè pou aplike yo fè referans nan seksyon II.D règleman sa a epi yo dekri nan dokiman rezime NeighborHealth (Dokiman Anèks B).
  - ii. Si yo bezwen lòt dokiman pou fè yon detèminasyon, lè sa a, pasyan pral resevwa pa lapòs USPS ak yon demann pou retounen dokiman verifikasiyon yo nan 30 jou apati dat notifikasyon an.
  - iii. Si pasyan pa bay lòt dokiman yo, yo ka refize aplikasyon pou asistans finansyè a epi yo ap voye fakti pou pasyan an dapre Règleman sou Fakti ak Koleksyon NeighborHealth.
    - a. Pasyan ki pa gen asirans yo jije ki pa kalifye pou pwogram asistans finansye yo pral resevwa Rabè pou Oto-Peman jan sa awopriye.
    - b. Pasyan ki pa gen ase asirans yo jije ki pa kalifye oswa yo refize pou pwogram asistans finansye yo ap responsab pou balans kont lan ki rete apre pwosesis asirans lan.
    - c. NeighborHealth ap fè efò rezonab pou l kolekte sou balans yo dwe.
      - i. Pasyan ap resevwa yon minimòm kat (4) deklarasyon sou yon peryòd 120 jou anvan yo konsidere kont lan pou deziyasyon move dét.
      - ii. Lòt efò koleksyon yo gen ladan yo apèl nan telefòn, lèt koleksyon, avi kontak pèsonèl,

- notifikasyon òdinatè, oswa nenpòt lòt metòd notifikasyon ki reprezante yon efò otantik pou kontakte pati ki responsab balans lan.
- iii. NeighborHealth ka fè yon kontra ak yon ajans koleksyon deyò pou ede nan koleksyon sèten kont, ki gen ladan kantite lajan pasyan responsab ki pa rezoud apre yo fin bay fakti Sant lan oswa avi final yo. Sepandan, NeighborHealth pa angaje 1 nan Aksyon Koleksyon Ekstrawòdinè (Extraordinary Collection Action, ECA), pou jwenn peman sou balans kont ki pase yo.
  - d. Règleman sou Kredi ak Koleksyon NeighborHealth la disponib pou revizyon sou sit entènèt sant lan nan <https://www.neighborhealth.com/en/patients-and-visitors/patient-financial-assistance-program/>.
- e. Notifikasyon Apwobasyon
- i. Pasyan ki apwouve ki pa gen asirans oswa ki pa gen ase asirans ap resevwa yon rabè jan sa espesifye nan FAP a, (Gade Dokiman an pou yon rezime kritè kalifikasyon ak rabè ki aplikab).
  - ii. NeighborHealth ap kontakte pasyan an pa lapòs USPS pou fè 1 konnen apwobasyon pou pwogram asistans finansye a. Avi sa a pral gen ladan etap yon pasyan ka pran pou 1 jwenn enfòmasyon sou fason yo te detèmine responsabilite pasyan yo, si sa aplikab.
  - iii. Si yon pasyan te deja etabli yon plan peman oswa te fè peman sou kont li epi apre sa yo apwouve 1 pou Pwogram Rediksyon sou Frè Varyab NeighborHealth la, nenpòt peman ki depase kantite lajan ko-peman nan pwogram charite a pral swa aplike nan lòt kont ki dwe peye ranbouse li bay pasyan si pa gen okenn lòt dét ki egziste.
- f. Devwa Pasyan yo
- i. Pasyan yo dwe patisipe nan pwosesis tès depistaj pou asistans finansye a epi dakò pou aplike pou kouvèti asirans sante ki disponib si yo konsidere yo ka kalifye pou yon eta, pwogram asistans piblik oswa Plan Sante Kalifye.
  - ii. NeighborHealth rezève dwa pou mande verifikasiyon yon aplikasyon yo refize pou yon pwogram asirans sante ki disponib anvan yo ka konsidere pasyan an pou asistans finansye dapre Pwogram Charite NeighborHealth.
  - iii. Pasyan yo oblige soumèt yon aplikasyon ki ranpli epi siyen Pwogram Redisyon sou Frè Varyab epi bay dokiman pou rerifye revni ak kantite moun ki nan kay la ki nesesè pou enskri nan kouvèti asirans sante oswa pou aplike pou asistans dapre

Pwogram Rediksyon sou frè Varyab. (Gade Dokiman Anèks D a pou Aplikasyon pou Pwogram Rediksyon sou Frè Varyab la).

- iv. Pasyan yo dwe divilge tout pwotection Konpansasyon Travayè, Veyikil ak Motè oswa Responsabilite Twazyèm Pati epi kolabore ak pou treteman reklamasyon pa moun yo idantifye k ap peye a.
- v. Pasyan yo gen obligasyon pou bay Depatman Aksè Pasyan Sant lan mizajou alè konsènan chanjman nan adrès, travay, oswa sitiyasyon asirans jan pwogram asistans finansyè a egzije sa.
- vi. Pasyan yo dwe dakò pou yo peye balans kont yo apre yo fin fè tretman asirans, yo pa kalifye pou rabè dapre FAP, tankou Kopeman, Ko-asirans, ak franchiz.

g. Devwa NeighborHealth

- i. NeighborHealth pral fè tout efò rezonab pou kolekte estati asirans pasyan an ak enfòmasyon finansye ki nesesè pou detèmine responsabilite pou peman tout sèvis swen sante pou pasyan ki pa entène pandan pre-enskripsyon pasyan an, nan dat sèvis la, oswa pou yon tan rezonab apre dat sèvis la. Efò rezonab yo gen ladan:
  - a. Mande kat asirans pasyan
  - b. Verifikasyon kouvèti asirans nan sistèm kalifikasyon sant lan
  - c. Tcheke kouvèti asirans atravè aksè nan baz done asirans piblik oswa prive
  - d. Jwenn enfòmasyon sou moun twazyèm pati k ap peye yo.
- ii. NeighborHealth pral eseye mennen ankèt sou nenpòt moun twazyèm pati k ap peye ki ka responsab pou peye pou sèvis yo bay yo, ki gen ladan men pa limite ak:
  - a. Veyikil ak motè oswa règleman responsabilite pwopriyetè kay la
  - b. Règleman jeneral pou aksidan
  - c. Pwogram konpansasyon travayè
  - d. Règleman sou asirans elèv
- iii. Si pasyan an oswa garan/responsab legal lan pa kapab bay enfòmasyon ki nesesè yo, epi pasyan an dakò, lè sa a, NeighborHealth ka eseye kontakte fanmi, zanmi, garan/responsab legal, ak/oswa lòt twazyèm pati ki apwopriye pou plis enfòmasyon.

**IV. Notifikasyon Disponibilite Asistans Finansye**

- A. NeighborHealth itilize mezi sa yo pou fè anpil piblikasyon Règleman Asistans Finansye li a:

- a. Enfòme pasyan an sou Pwogram Rediksyon sou Frè Varyab epi li ofri kopi plan Rezime nan Langaj Klè (Plain Language Summary, PLS), kòm yon pati nan pwosesis enskripsiyon nòmal la.
  - b. Afich ki gen rapò ak pwogram asistans finansye yo ofri yo, ki gen ladan kijan ak ki kote pou aplike, yo afiche byen klè kote ki gen pasyan yo atravè NeighborHealth:
    - i. Nan depatman ak/oswa zòn datant kote yo bay pasyan ki entène, pasyan ki pa entène, klinik, ak sèvis ijans.
    - ii. Nan Biwo Aksè Pasyan yo
    - iii. Nan zòn enskripsiyon pasyan yo
  - c. Fè kopi règleman an, fòm tès depistaj, aplikasyon an, ak Rezime nan Langaj Klè:
    - i. Sou demann pasyan an, an pèsòn, pa telefòn, oswa pa lapòs.
    - ii. Sou sit entènèt sant lan, pou revize oswa telechaje nan <https://www.neighborhealth.com/en/patients-and-visitors/patient-financial-assistance-program/>.
    - iii. Nan lokal aksè pasyan atravè NeighborHealth
  - d. Bay yon avi jeneral sou disponibilite pwogram asistans finansye nan deklarasyon fakti pasyan yo.
- B. Tout notifikasyon ki afiche ak materyèl ekri ki gen rapò ak FAP, tankou fòm tès depistaj, aplikasyon an, PLS, ak bwochi edikatif, yo tradui nan lòt lang ki pa anglè, si gen 5% moun oswa plis nan popilasyon an ki pale lang sa a ki abite nan zòn sèvis NeighborHealth la. Tout materyèl ki siyen epi ekri nan lang sa yo aktyèlman:
- a. Anglè
  - b. Panyòl
  - c. Pòtigè
  - d. Arab
  - e. Kreyòl Ayisyen

## V. Faktirasyon ak Pratik koleksyon NeighborHealth

- A. NeighborHealth gen yon devwa fidisyè pou chèche ranbousman, pou livrezon sèvis nan men moun ki ka peye, nan men konpayi aspirans twazyèm pati ki kouvri depans swen an, ak lòt pwogram asistans pou pasyan ki kalifye.
- B. Jan sa a endike nan Règleman sou Kredi ak Koleksyon an, NeighborHealth swiv pwosedi faktirasyon ak koleksyon rezonab:
  - a. Chak deklarasyon fakti yon pasyan resevwa se yon tantativ pou kolekte yon balans li dwe. Chak deklarasyon ap genyen enfòmasyon pou enfòme pasyan an oswa garan sou disponibilite pwogram asistans finansye yo, ki gen ladan fason pou mande ak aplike pou asistans;
  - b. NeighborHealth pral dokimante aktivite koleksyon kontinyèl ki gen ladan omwen kat (4) deklarasyon pasyan yo sou yon peryòd 120 jou anvan yo konsidere kont lan pou deziyasyon move dét.

- c. Nan yon dènye notifikasyon, yo pral avize pasyan an oswa garan yo ke yo ka refere kont lan bay yon ajans koleksyon deyò epi enfòme sou disponibilite pwogram asistans finansye yo.
  - d. NeighborHealth pral dokimante tout efò altènatif yo fè pou jwenn yon pati ki responsab balans kont lan oswa pou jwenn yon adrès kòrèk sou deklarasyon fakti sèvis lapòs la retounen kòm "adrès ki pa kòrèk" oswa "yo pa ka delivre."
  - e. NeighborHealth pral dokimante epi kenbe done konsènan fakti kontinyèl oswa aksyon koleksyon yon ajans federal ak/oswa eta a fè revizyon kontinyèl ak/oswa pou rapò pri ane fiskal kote yo rapòte fakti a oswa kont lan.
  - f. NeighborHealth pa pral pran aksyon fakti kontinyèl oswa rekouvreman sou balans kont ki mwen pase \$6.00 paske sa entèdi.
- C. Pasyan yo detèmine ki pa kalifye pou pwogram asistans finansye men ki ka demontre difikilte finansye akòz sikontans ki pa nòmal oswa ki pa t prevwa, yo ankouraje yo pote sitiyasyon yo bay Depatman Kont Pasyan an pou Konsiderasyon Endividyle. NeighborHealth, dapre règleman kredi ak koleksyon li a, ka aplike diskresyon epi pwolonje rabè pi lwen pase lòt dispozisyon ki nan Règleman Asistans Finansye a sou baz ka pa swen pou rekonèt ka inik nan difikilte finansye.
- D. Règleman sou Kredi ak Koleksyon NeighborHealth la disponib pou revizyon sou sit entènèt sant lan nan <https://www.neighborhealth.com/en/patients-and-visitors/patient-financial-assistance-program/>.

**Dokiman Anèks A: Rezime nan Langaj Klè NeighborHealth**

---

## NeighborHealth

---

### Règleman Asistans Finansye **Rezime Nan langaj Klè**

NeighborHealth, bay tout pasyan li swen medikal ki nesesè, kèleswa ras, koulè, reliyon, sèks, orijin nasional, laj, andikap, idantite seksyèl oswa ekspresyon, oswa kapasite pou peye. NeighborHealth ofri asistans finansye bayki gen revni ki ba, ki pa asire oswa ki pa gen ase asirans, ki demonstre bezwen ak enkapasite pou peye pou swen. NeighborHealth pral travay avèk pasyan yo pou detèmine kalifikasyon pou asistans finansye epi ede yo aplike pou pwoteksyon daprè Medicaid oswa lòt pwogram eta a, plan sante ki kalifye nan nivo federal, oswa sant Pwogram Rediksyon Frè sou Echèle ki Varyab.

Enfòmasyon sou Asistans Finansye Sant lanRègleman ak kijan pou aplike pou asistans finansye disponib poutout pasyan nan langAnglè, Panyòl, Pòtigè, Arab, ak Kreyòl Ayisyen. Entèprèt disponib pou ede pasyan yo ak aplikasyon yo nan lòt lang atravè sèvis entèprèt MassHealth nan 1-800-841-2900, oswa lè yo rele Konsèy Finansye pou Pasyan nan 617-568-4600 oswa vizite biwo ki nan 79 Paris St nan East Boston, MA oswa 1601 Washington St nan Boston, MA. Règleman Asistans Finansye NeighborHealth la disponib gratis sou demann ak sou entènèt pou telechaje nan <https://www.neighborhealth.com/en/patients-and-visitors/patient-financial-assistance-program/>.

#### Kiyès ki kalifye?

Pasyan ki gen revni ki ba, ki pa gen asirans epi ki pa gen ase asirans ki bezwen swen medikal ki nesesè epi ki pa kapab peye pou sèvis yo ka aplike pou pwogram asistans finansye a. Kalifikasyon pou pwogram nan baze sou direktiv ki gen ladan revni yon moun nan kay la, gwosè fanmi an, bezwen medikal, ak eta rezidans. Fason yon pasyan kalifye pou asistans finansye ap detèmine ki kalite pwogram li elijib pou li. Kèk pasyan ap kalifye pou pwogram ki pa egzije pèman pou sèvis yo, alòske lòt pasyan ki kalifye yo oblige fè yon peman pasyèl pou swen. Daprè pwogram rediksyon frè sou echèle ki varyab la, pasyan ki gen oswa ki pi ba pase 100% gid nivo povrete federal la (Federal Poverty Guidelines, FPG), kalifye pou swen gratis ak yon 100% raduyasyon pasyèl nan chaj yo. Moun ki abite Massachusetts yo ka aplike tou pou asistans daprè Medical Hardship, yon pwogram ki disponib atravè Health Safety Net eta sa a. Kèleswa kantite moun ki nan kay la ak revni yo, yon moun ka kalifye pou Medical Hardship si depans medikal akseptab yo pi wo pase yon pouvantaj etabli nan revni kay la. Pasyan yo detèmine pa kalifikasyon pou pwoteksyon daprè pwogram asistans finansye leta oswa federal yo pral evalye pou kalifikasyon daprè sant Pwogram Rediksyon frè sou echèle varyab la.

#### Kijan pou Aplike:

Enfòmasyon sou Règleman Asistans Finansye BMC, Pogram Rediksyon Frè sou echèle Varyab, ak Aplikasyon an disponib nan fason sa a:

- Kontakte Depatman Sèvis Pasyan nan (617) 568-4600 oswa vizite yon biwo, lendi jiska vandredi, ant 8AM ak 5PM, nan:
  - 79 Paris Street, East Boston, MA 02128; oswa
  - 1601 Washington Street, Boston, MA 02118
- Sou sit entènèt sant lan nan <https://www.neighborhealth.com/en/patients-and-visitors/patient-financial-assistance-program/>.
- Fè yon demann alekri pou enfòmasyon sou pwogram ak enstriksyon aplikasyon pa lapòs nan:

NeighborHealth  
Atansyon: Depatman Sèvis Pasyan  
10 Gove Street  
East Boston, MA 02128

**Dokiman Anèks B: Rezime Dokiman Verifikasyon FAP ki akseptab yo**

1. De dènye chèk peman
2. Lèt enstiti travay la ki endike kantite èdtan ak kantite èdtan ou travay pa semèn
3. Deklarasyon taks sou revni (Fòm 1040)
4. Lòt sous revni

## **NeighborHealth Règleman ak Pwosedi**

Paj: 18

## Dokiman Anèks C: Gid Pwogram Rediksyon sou Frè Varyab pou Kalifikasyon

Sant Sante Katye Boston (East Boston Neighborhood Health Center)										Apati 17 janvye 2024								
Gid Revni 2024																		
REVNI ANYÈL								Sous: Rejis Federal										
Moun ki nan Fanmi an oswa nan Kay la	100%		125%		150%		175%		200%		250%		300%		350%		400%	
1	\$ 15,060	\$ 18,825	\$ 22,590	\$ 26,355	\$ 30,120	\$ 37,650	\$ 45,180	\$ 52,710	\$ 60,240									
2	20,440	25,550	30,660	35,770	40,880	51,100	61,320	71,540	81,760									
3	25,820	32,275	38,730	45,185	51,640	64,550	77,460	90,370	103,280									
4	31,200	39,000	46,800	54,600	62,400	78,000	93,600	109,200	124,800									
5	36,580	45,725	54,870	64,015	73,160	91,450	109,740	128,030	146,320									
6	41,960	52,450	62,940	73,430	83,920	104,900	125,880	146,860	167,840									
7	47,340	59,175	71,010	82,845	94,680	118,350	142,020	165,690	189,360									
8	52,720	65,900	79,080	92,260	105,440	131,800	158,160	184,520	210,880									
Pou chak lòt moun, ajoute	5,380																	
REVNI CHAK MWA																		
Moun ki nan Fanmi an oswa nan Kay la	100%		125%		150%		175%		200%		250%		300%		350%		400%	
1	\$ 1,255	\$ 1,569	\$ 1,883	\$ 2,196	\$ 2,510	\$ 3,138	\$ 3,765	\$ 4,393	\$ 5,020									
2	1,703	2,129	2,555	2,981	3,407	4,258	5,110	5,962	6,813									
3	2,152	2,690	3,228	\$ 3,765	4,303	5,379	6,455	7,531	8,607									
4	2,600	3,250	3,900	4,550	5,200	6,500	7,800	9,100	10,400									
5	3,048	3,810	4,573	5,335	6,097	7,621	9,145	10,669	12,193									
6	3,497	4,371	5,245	6,119	6,993	8,742	10,490	12,238	13,987									
7	3,945	4,931	5,918	6,904	7,890	9,863	11,835	13,808	15,780									
8	4,393	5,492	6,590	7,688	8,787	10,983	13,180	15,377	17,573									
Pou chak lòt moun, ajoute	448																	
REVNI CHAK SEMÈN																		
Moun ki nan Fanmi an oswa nan Kay la	100%		125%		150%		175%		200%		250%		300%		350%		400%	
1	\$ 290	\$ 362	\$ 434	\$ 507	\$ 579	\$ 724	\$ 869	\$ 1,014	\$ 1,158									
2	393	491	590	688	786	983	1,179	1,376	1,572									
3	497	621	745	869	993	1,241	1,490	1,738	1,986									
4	600	750	900	1,050	1,200	1,500	1,800	2,100	2,400									
5	703	879	1,055	1,231	1,407	1,759	2,110	2,462	2,814									
6	807	1,009	1,210	1,412	1,614	2,017	2,421	2,824	3,228									
7	910	1,138	1,366	1,593	1,821	2,276	2,731	3,186	3,642									
8	1,014	1,267	1,521	1,774	2,028	2,535	3,042	3,548	4,055									
Pou chak lòt moun, ajoute	103																	
RABÈ SOU ECHÈL VARYAB																		
Renvni kòm yon pouvantaj nan Gid Povrete a	Rabè sou echèl varyab																	
0 a 100%	100%																	
101 a 125%	80%																	
125 a 150%	60%																	
151 a 175%	40%																	
176 a 200%	20%																	
Plis pase 200%	0%																	

Sèvis Sant Sante:

FPL	Nivo	Rabè
< 100%	1	100%
101-125%	2	80%
126-150%	3	60%
151-175%	4	40%
176-200%	5	20%
> 200%	PA APLIKAB	0%

Sèvis Famasi:

FPL	Rabè
< 100%	100%
101-200%	Rabè nan pri akizisyon + \$10 frè depans
> 200%	0%

Founiti pou Twazyèm Pati:

- Nan ka kote founiti pou twazyèm pati yo nesesè pou yon vizit (pa egzanp, fo dan, monti linèt pou je, elatriye), frè nominal yo chaje pou pasyan yo ap gen ladan depans pou founiti sa yo pou NeighborHealth.

**Dokiman Anèks D: Aplikasyon pou Pwogram Rediksyon sou Frè Varyab la**



**Aplikasyon pou Pwogram Rediksyon sou Frè Varyab la**

ENHC se yon òganizasyon ki pa la pou pwofiti ki gen kòm fonksyon prensipal bay komunitate a sèvis swen sante. Pwogram Rediksyon sou Frè Varyab EBNHC a ofri rabè pri swen sante pou pasyan ki pa gen asirans oswa ki pa gen ase asirans, selon nivo revni ak kantite moun ki gen nan fanmi an.

Mwen reyalize ranpli yon aplikasyon pa garanti y ap aksepte m nan pwogram nan. Mwen konprann epi dakò tou peman pou nenpòt frè pou sèvis mwen resevwa nan men EBNHC se responsabilite mwen.

Mwen rekonèt, pou sèvis mwen resevwa nan nenpòt lòt etablisman swen sante, mwen dwe kontakte enstitusyon sa a pou asistans konsènan nenpòt opsyon peman.

Enfòmasyon kay la (1): Tanpri make non konplè ak dat nesans chak manm fanmi an. Antoure wi si se yo se yon pasyan nan Sant East Boston Neighborhood Health. Sinon, antoure non.

Non	GARAN	MARI/MADANM/ PATNÈ	DEPANDAN	DEPANDAN	DEPANDAN	DEPANDAN
Non Siyati						
Dat Nesans						
Pasyan	Wi/Non	Wi/Non	Wi/Non	Wi/Non	Wi/Non	Wi/Non

SOUS REVNI	POU PWÒP TÈT OU	MARI/MADANM	LÒT	TOTAL
Salè brit, salè, tep, elatriye				
Revni ki soti nan biznis, travay endependan, ak depandan yo				
Konpansasyon chomaj, konpansasyon travayè, Sekirite Sosyal, Revni Splemantè Sekirite, asistans publik, peman veteran, avantaj sivivan, pansyon oswa retrèt				
Enterè, dividann, lwave, red Evans, revni nan byen imobilye, fidisi, asistans edikasyon, pansyon alimantè, sipò timoun. Asistans andeyò kay la, ak lòt sous divès				
<b>Revni Total</b>				

**REMAK:** Bay de (2) nan chèk ki pi resan ou yo; OSWA lèt ki soti nan men patwon w lan ki endike pouvantaj ak lè ou travay pa semèn; Taks sou Revni (Fòm 1040) AK nenpòt lòt sous revni ki endike anwo a.

# **NeighborHealth**

## **Règleman ak Pwosedi**

Paj: 21

### **Li enpòtan anpil pou w pote dokiman ki obligatwa ki endike anba a nan randevou w la.**

Mwen konprann kesyon ak deklarasyon ki sou fòm aplikasyon sa a. Mwen sètifye repos mwen yo kòrèk e yo konplè dapre sa mwen konnen. Mwen te mete tout manm nan kay la epi mwen te bay verifikasyon tout revni yo. Mwen konprann enfòmasyon sa yo pral itilize sèlman pou detèmine responsabilite finansye pou chaj mwen yo nan EBNHC epi y ap rete konfidansyèl.

Siyati mwen otorize EBNHC pou l verifye nenpòt enfòmasyon ki bay sou fòm sa a.

Non aplika ekri ak lèt detache \_\_\_\_\_

Siyati aplikan \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

Demann dat pou retounen \_\_\_\_\_  Resevwa apèl nan telefòn konsènan apwobasyon  
rabè anplis lèt yo voye lakay ou

Si w gen nenpòt lòt kesyon konsènan opsyon finansye, tanpri rele Depatman Sèvis Pasyan Sant East Boston Neighborhood Health nan (617)568-4600. Si w bezwen asistans pou ranpli aplikasyon an, kontakte Kont Pasyan nan 617-568-7220. Nou espere travay avèk ou.

---

### **Pou Biwo a Itilize Sèlman**

**Non pasyan an:** \_\_\_\_\_

**Rabè Apwouve:** \_\_\_\_\_

**Apwouve pa:** \_\_\_\_\_

**Dat li Apwouve:** \_\_\_\_\_

Verifikasyon	Lis Verifikasyon	Wi	Non
Identifikasiyon/Adrès Lisans Kondui, Bòdwo Sèvis Biblik, Identifikasiyon travay, oswa			
Revni: Ane anvan deklarasyon taks, twa dènye chèk peman, oswa lòt			
Asirans Kat Asirans			

### **Dokiman Anèks E: Lis Founisè Afilye NeighborHealth**

Règleman asistans finansye NeighborHealth ap aplike pou swen yo bay nan tout lokal NeighborHealth. FAP a pa aplike pou frè founisè yo faktire pou swen yo bay andeyò yon etablisman NeighborHealth oswa pa founisè deyò (pa egzanp, pou sèvis laboratwa).

Lis sa ki annapre a idantifye tout doktè, gwoup pratik, ak lòt founisè ki bay swen nan lokal NeighborHealth. Pou founisè ki nan lis la ak yon "NON" nan kolòn ki make "Coverage Under FAP" yo pa suiv NeighborHealth FAP. Founisè sa yo ap voye fakti pou ou apa.

#### **Founisè Pratik**

<b>Founisè</b>	<b>Sèvis</b>	<b>Kouvri Dapre FAP</b>	<b>Kalifikasyon HSN</b>
NeighborHealth	Tout	WI	WI
Quest Diagnostics	Laboratwa	NON	WI